Жэпуэгъуэм и 21-м Сочэ щызэхуащIыжащ щIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX Дунейпсо фестивалыр

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МэкъуауэгъуэМАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№203 (23.611) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм хуэфщIа лъагъуныгъэр зэи ужьыхынукъым

Жэпуэгъуэм и 21-м гуфIэгъуэкIэ зэхуащIыжащ кэуд яфIэгъэщIэгъуэну зыкIэлъыплъэ, щIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестивалыр.

ПСОРИ зэхэту щIалэгъуалэ зэхьихьэм цIыху мин 30 щыIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу абы цIыху 90-м нэблагъэ хэтащ, 20-р волонтёрт. ЩIалэгъуалэр зэрызэрыцIыхуам и мызакъуэу, политик цIэрыIуэхэм, хьэрычэтыщIэхэм, тхакIуэхэм яхуэзэну, упщIэ иратыну Iэмалыфl яIащ.

Фестивалым КъуэкIыпIэ Гъунэгъум, Европэм, Америкэм, Азием я махуэхэр щекIуэкIащ. Иужьрейр, жэпуэгъуэм и 21-м зэхэтар, Урысейм и махуэу щытащ. Абы къекIуэлIа ныбжьыщIэхэм ди къэралым и щэнхабзэр бейр ялъэгъуащ. А махуэм къызэрагъэпэща даудэлащэхэм я гупсысэ нэхъыщхьэу щытар, ди къэралыр ипэкIэ кIуатэ зэпытми, и тхыдэр зэрызыщимыгъэгупщэрщ, и щэнхабзэр зэрихъумэжырщ. Кавказ Ищхъэрэм щыщу а зэхьихьэ дахэм зыкъыщагъэльэгъуэну зыхуагъэфэща гупитIым я зыр «Нал цIыкIу» сабий къэфакIуэ ансамблырщ.

Ди къэралым и Президент Путин Владимир щIалэгъуалэ зэхьихьэр щызэхуащIыжьым къэпсэлъащ. «Быдэу си фIэщ мэхъу ди къэралым фи гум щыщ Iыхьэ къызэрыщывгъэнэнур, Урысейм хуэфщIа лъагъуныгъэр зэи зэрымыужьыхьынур. КъэкIуэнур зейр фэращ», - жиIащ Путиным. УФ-м и Унафэщым щIэныгъэлI, инженер ныбжьыщIэхэм захуигъэзащ жылагъуэр зыхуэныкъуэнухэм, абыхэм я гъащIэр нэхъ тынш зыщIынухэм нэхъыбэу елэжьыну.

ИужькIэ Олимп паркым щекIуэкIа концерт иным ди къэралым и творческэ гуп нэхъыфIхэм зыкъыщагъэлъэгъуащ. Зыщыщ лъэпкъхэм емыльытауэ, цIыхухэр зэрызэкъуэтым и щыхьэту щытащ а гуфIэгъуэ пшыхьыр.

ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестивалыр махуитхукIэ Сочэ щекIуэкIащ. А пIалъэм къриубыдэу ди зэманым узыгъэпIейтей унэтIыныгъэ куэдым тепсэлъыхьащ, проект бжыгъэншэкэр пхагъэкIащ, ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэраци, а зэхьихьэм къэралхэр нэхъ зэпэгъунэгъу ищIащ.

УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ, фестивалым ди къэралым щIэ къызэгъэпэщакIуэ гупым я унафэщI Кириенкэ Сергей къызэрыкIгъэщамкIэ, зэхьихьэр щIалэгъуалэм къазэрыщыхъуам мыхьэнэ ин иIэщ.

- НэгъэущI къэрал кIикIахэм ящыщ куэдым Урысейм зэрыхущытамрэ фестиваль нэужым яIэ хъуа гупсысэхэмрэ зэхуэдэхьым. Абыхэм къагурыIуащ дэ «ем и щыналъэу» дызэрыщымытыр. Си нэкIэ слъэгъуащ зигу зэкIэрыпщIа щIалэгъуалэр зэрызэбгъэдэмыкIыжьыфр - ахэр я телефон номерхэмкIэ зэхъуэжащ, ИнтернетымкIи зэрыщIэну зэгурыIуащ. ЩIалэгъуалэ фестивалыр къэрал тхьэмыщкIэхэмрэ къулейхэмрэ я цIыхухэр щызэхуагъэда утыкуц. Псалъэм папщIэ, КъуэкIыпIэ Азием, Латин Америкэмрэ Африкэмрэ къикIахэр Европэмрэ Америкэ Ищхъэрэмрэ я лIыкIуэхэм ещхьу, фестивалым щекIуэкIа Iэхуэхэм жыджэру, псори яфIэгъэщIэгъуэну хэтащ. Форумым дэтхэнэми и щIалэгъуалэ нэхъыфIхэрщ къигъэкIуар. Быдзу си фIэщ мэхъу илъэс тIощI хэдиз дэкIмэ, абыхэм къэрал Iэхуэ зэрызэрахьэнур, - жиIащ Кириенкэ.

ЦIыху мин 30-м нэблагъэм я гъащIэм увыпIэ щхьэхуэ щызыубыда а зэхьихьэ дахэм хэтахэмэ Урысей Федерацэми зэрыщыту фIы къахудэкIуэну ди гуапэщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIащ социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхущ Iапэхэр ухуэным, зыхуэфащэхэр зэгъэпэщыжыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр и кIэм нэгъэсыным теухуа зэIущIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. иригъэкIуэкIащ социальнэ мыхьэнэ зиIэ объектхэр ухуэным, зыхуэфащэхэр зэгъэпэщыжыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр и кIэм нэгъэсыным теухуа зэIущIэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков А. ТI., КъБР-м и вице-премьерым и япэ къуэдзэ Ахъуэхъу Т. Б., Iуэхур зэхьэлIа министерствэхэмрэ Iуэхущ Iапэхэмрэ я унафэщIхэр хэту.

УХУЭНЫГЪЭМКIЭ, ЖКХ-мрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министр Къуныжь В. Хь. тепсэлъыхьащ социальнэ Iуэхущ Iапэхэр ухуэнымкIэ щыIэ щытыкIэм. Зи гугъу ищIар егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, щэнхабзэ IэнатIэхэм республикэ, федеральнэ бюджетхэм я мылъкукIэ щрагъэкIуэкI ухуэныгъэхэрщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм Правительствэм къалэн щищIащ ахэр ягъэува пIалъэм ятыным и нэIэ тригъэтыну. Лэжьыгъэм и фIагъэм гулъытэ нэхъыщхьэ хуащIын хуейуэ яхуигъэуващ. «Хуей хъумэ, лэжьыгъэр сменищу зэблэкIыу евгъэкIуэкI. Дэ лейуэ дыщIытепсэлъыхьын щIэкъым а ухуэныгъэхэр зэредгъэкIуэкIыну захъшэр мы дызэрыт экономикэ щытыкIэ гугъум къызэрыдэтха щыкIэм. Ухуэныгъэ IэнатIэм тедгъэкIуэдэну къыдата ахъшэ псори нэсу къэдгъэсэбэпыпхъэщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэм.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● Дыгъуасэ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм КIуэкIуэ Ю. А. щыщIащ Урысейм и МВД-м Къэрал къулыкъумрэ кадрхэмкIэ и департаментым и унафэщI, къэрал кIэщI къулыкъум и генерал-лейтенант Кубышкэ В. Л.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. КъБР-м и Правительствэм и Унэм жэпуэгъуэм и 23-м щыIущIащ Урысейм и МВД-м Къэрал къулыкъумрэ кадрхэмкIэ и департаментым и унафэщI, къэрал кIэщI къулыкъум и генерал-лейтенант Кубышкэ В. Л.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ Урысейм и МВД-м Краснодар къалэм щIэ университетым и къудамэм, лэжьакIуэхэм я Iэзагъэм щыхагъахьуэ Кавказ Ищхъэрэ институтым, полицэм хэтхэр щегъэджэным пыщIа Iэхуэхэм. Абы мы махуэхэм щокIуэкI а Iуэхум теухуа семинар-зэIущIэ.

КIуэкIуэ Юрий жиIащ, яIэ егъэджэныгъэ-методикэ лъабжьэмрэ зи Iэщ Iагъэм хуэIэзэ егъэджакIуэхэр я IэнатIэм егупъуэу зэрыпэрытымрэ я фIыгъэкIэ, я къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ зыр - къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ органхэм къулыкъу щызыщIэну Iэщ IагъэлIэхэр гъэхьэзырыныр - гъэзэщIа зэрыхъунум шэч къызэрытримыхьэр.

УРЫС Дахэуэс.

НОБЭ

♦Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухэныгъэм и махуэщ. 1945 гъэм ООН-м и Уставым къару игъуэтащ. Зэгухэныгъэр къэрал 51-м къызэрагъэпэщат. Ди зэманым ООН-м къэралы 192-рэ хэтщ.

♦Зыужьыныгъэм теухуа хъыбархэр зэбгрегъэхьыным и дунейпсо махуэщ

♦Полиомиелитым пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ

♦1897 гъэм Урысейм и тхыдэм щыпэу футболымкIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.

♦1941 гъэм Харьков къалэр - СССР-м и индустриальнэ центр нэхъ инхэм ящыщыр - нэмыцэдзэхэм яубыдащ.

♦1949 гъэм Нью-Йорк щагъэтIылъащ ООН-м и Iуэхущ Iапэ нэхъыщхьэхэм я унэм и лъабжьэр.

♦Мэжэрым (Венгрием) щыщ композитор, зи Iэдакъэщ IэкIэр дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа **Кальман Имре** къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокъу.

♦ Къэбэрдей-Балъкъэрым 1921- 1938 гъэхэм и унафэщIу щыта, къэрал лэжьакIуэ, политик **Къалмыкъ БетIал** къызэралъхурэ илъэси 124-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакIуэ **Хъэткъуэ Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Урысей хьэрычэтыщIэ, къэрал лэжьакIуэ, Чукотскэ АО-м, абы и Думэм я унафэщIу щыта **Абрамович Роман** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

♦Инджылызым щыщ футболист цIэрыIуэ, къэралым и командэ къыхэкам и гъуащхьэу нэхъыфIхэм хабжэ **Руни Уейн** и ныбжьыр илъэс 32-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэсым къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Щрабзэм щыпаупщIыркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатхэм ящIэн папщIэ

2017 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи ущыгъ зэIущIэ зэхэтынущ.

ЩыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапэ.

Медведев Д. А. Iэ щIидзащ цIыхухэм къэрал дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри сом мелуанищэм щIигъу хухэхьным теухуа унафэм

Социальнэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтыну хуитыныгъэ зиIэу, хущхьэкIэ, медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ, сабий ныкъуэдыкъуэхэм ират ерыскъыхэкI хэхьэкIэ зыдэлэпыкъун хуейуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я бжыгъэм зэрыхэхъуам къыхэкIыу республикэм щыпсэухэм хухах субвенцэхэр иджыри сом мелуанищэм щигъукIэ (сом мин 109402,4-рэ) нэхъыбэ ящIащ.

КъБР-м ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэу ядэIэпыкъуныкIэ и министерствэм къыщэриталкIэ, иджыпсту социальнэ ахъшэ зратхэм я бжыгъэр республикэм цIыху мини 120-м щыщIегъу.

ТЕНДЖЫЗ Ринэ.

● КъБР-м и Парламентым

Зи чэзу зэхъуэкIыныгъэхэр

КъБР-м и Парламентым и вице-спикер Афэщ Iагъуэ Михаил и унафэм щIэту республикэм и хабзэгъэув Iэнатlэм и Президиумым иригъэкIуэкIа зэIущIэм Iуэхугъуэ 20-м щIигъум щыхэплъащ.

АБЫХЭМ ящыщщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал граждан къулыкър зэрыщIигъэувам и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым и 1 - 3-нэ, 7-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ республикэм и законымрэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хах и органым хэт, щIыпIэ самоуправленэм щыхах къулыкъущIэхэм я полномочиехэр пхыгъэкIыныкIэ щыIэ шэсыпIэхэм я Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 3-нэ статьямрэ зэхъуэкIыныгъэхэр егъэгъуэтыным» теухуауэ КъБР-м и законым я проектыр.

Ахэр мы зэманым федеральнэ законодательствэм ирагъэзэгъ. Псалъэм и хьэтыркIэ, «УФ-м къэрал-граждан къулыкъур зэрыщыгъэувам и Iуэхукlэ» 2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м къыдэкIа Федеральнэ закон №275-м щIагъуэжащ профессиональнэ Iэщ Iагъэм лейуэ зэрыхурагъаджэм и мызакъуэу, я щIэныгъэм щыхагъэхъуэну папщIэ, граждан къулыкъущIэхэр нэгъэущI Iуэхухэми хашэныр.

Абы къыдэкIуэу, къэрал граждан къулыкъум ягъэувын папщIэ, я Iэщ Iагъэмкlэ зэрылэжьа стаж нэхъ мащIэ дыдэр илъэси 4-м нэскIэ ирагъэх. Абы имызакъуэу, фIы дыдэу къызэрауакIэ дипломхэр зрата Iэщ Iагъэлlыр е магистрыр къулыкъу нэхъыщхьэмэ ягъэув хъунущ, - ягурагъэIуащ къызэзэуэсахэм КъБР-м и Парламентым Законодательствэмкlэ, къэрал уху ныгъэмкlэ, щIыпIэ самоуправленэмкlэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**.

Апхуэдэу хэплъащ «КонтракткIэ муниципальнэ къулыкъум, щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къулыкъум ягъэувыну щIэбэн цIыхухэм ар зэрыратэ хабзэм, апхуэдэу и хэхъуэхэмрэ хэщIэкIэмрэ зыхуэдизыр, и мылькур зэрыхъур, Урысей Федерацэм коррупцэм пэщIэтыныныкIэ и законодательствэм къигъэув нэгъуэщI хъыбархэр зэрагъэхьэзыр, абыхэм я пэжагъэр къызэрапщIэ хъыбархэр зэрырагъащIэ хабзэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проекту КъБР-м и прокурорым къыхилъхьам.

Депутатхэр иужькIэ тепсэлъыхьащ «Организацэхэм я мылькум тралъхьэ налогым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым. Ар ягъэхьэзыращ «Организацэхэм я мылькум тралъхьэ налогым и Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым и 14-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм и 1-нэ пунктым щыубзыхуахэр ягъэтэмэмын зэрыхуейм къыхэкIыу.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● ТхылъыщIэ

УсакIуэшхуэм и щIыхькIэ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я «Полиграфсервис и Т» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдагъэкIащ КъБР-м и щIыхубэ я усакIуэ, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал, Ленин саугъэтхэм я лауреат Кулиев Къайсын и тхыгъэ къыхэхахэр щызэхуэхьэса тхылъ. КъыдэкIыгъуэр ирырагъэхьэлIащ усакIуэшхуэр къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъум.

КУЛИЕВ Къайсын и усэ къыхэхахэр щызэхуэхьэса къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар абы и щхьэгъусэ Элизэтщ. Тхылъым пэублэ хуащIа «Пространство поэта» тхыгъэр зейр Къырыгызым и цIыхубэ тхакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, Ленин саугъэтым и лауреат Айтматов Чингизщ. Абы кууэ щызэпкърыхащ Кулиевым и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм лъэпкъхэр зэныбжьэгъугъэм, мамырыгъэм, дахагъэм, фIым къызэрыщыхуриджэр, усакIуэм цIыхубэм лъагъуныгъэ, гущIэгъу зэрахуиIэр къызыхэщ и усэхэм гупсысэ куу зэращIэлъыр, усыгъэм и купщIэр абы зыхилъагъуэу щытар, нэгъэущIэкIэри.

КъыдэкIыгъуэм ихуащ анэм, усакIуэхэм, композиторхэм ятеухуа, гъащIэм и лъэныкъуэ кэуд къызэщIэзыубыдэ, тхакIуэм и гурыгъу-гурыщIэхэмрэ гупсысэхэмрэ къызыхэщ усэ купщIафIэхэр. Абы къыщывгъэтынущ Индием и премьер-министр Ганди Индирэ, усакIуэ цIэрыIуэхэу Ахматовэ Аннэ, Звягинцевэ Верэ, Сурков Алексей, Бажан Миколэ, Карим Мустай, Окуджавэ Булат, Къэшэж Иннэ, композиторхэу Свиридов Георгий, Щедрин Родион, профессор, тхакIуэ, журналист, литературэ критик, жылагъуэ лэжьакIуэ, нэгъэущI куэдым Кулиев Къайсын хуатха псалъэ гуапэхэр. Тхылъыр къыдагъэкIащ псапащIэ Османов Елдар и мылъкукIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Зи чэзу зэхъуэкІыныгъэхэр

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Зи гугъу тщІы пунктым тету, налогхэр щхьэщах УФ-м и Налог кодексым и 381-нэ статьям кьыщыгъэлъэгъуа организацэхэмрэ Іэхэуцлъапіэхэмрэ.

Абы къыдэкІуэу, Урысей Федерацэм и Налог кодексым и 381-нэ статьям налог квотэхэмкІэ хуитныныгъэ зиІэ организацэхэр кьыщрибжэкІкІэ, а льготэхэр зыльитІыгъэсыр организацэхэм я мылъку псоми тещІыкьакъым, атІэ зыхуэгъэзар абы щыщ мылъку щхьэхуэрщ.

КъБР-м и Парламентым Регламентымкіэ, депутат этномкІэ, Парламентым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыныкІэ и комитетым и унафэщІ **Кансаевэ Еленэ** и лэжьэгъуэр щыгъуазэ ищІащ «Нэгъуэщі къэралхэм, къэрал зэхуаку организацэхэм, политикэ партхэм, нэгъуэщі жылагъуэ зэгухэныгъэхэм я щІыхьыщІэхэр, цІэ щхьэхуэхэр, наградэхэр къызэращтэну щыкІэм теухуа положенэр гъэувыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьищтэну унафэм и проектым.

Ар КъБР-м и Парламентым и депутатхэм хуагъэхьащ, зэгъэзэхуэжныгъэхэр ягъэхьэзырын папщІэ.

Парламентарийхэр апхуэдэу хэпльащ федеральнэ законхэм я хабзэгъэув жэрдэмхэм теухуа проект зыкъомыр: льготэхэр я пІьабжьэ щІыхуэр хущъхуэхэмкІэ къызэгъэпэщыным хухах ахъшэм хагъэхъуэным, Урысей Федерацэм администрацэ хабзэхэр къызэрыщІэзыпадым теухуауэ УФ-м и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ къэралым и нэгъуэщІ щІыналъэхэм зэрызыкъухуагъэзахэм.

ЗэІуцІэм щедэІуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экстремизмэмрэ терроризмэмрэ щыпэщІэтыным теухуауэ» 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм жылагъуэ шынагъэншагъэ и лъэныкъуэкІэ щыщІэ щытыкІэм и Іуэхукіэ» 2017 гъэм гъатхэпэм и 15-м Парламентым щекІуэкІа едэІуэныгъэхэм къыщыхалъхьа чэнджэщхэр зэрагъэзащІэм хуэгъэзауэ КъБР-м и Парламентым Законнотымрэ хабзэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Кривко Михаил** жиІаэм. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, чэнджэщ псори кьаная щымыІэу ягъэзащІэ.

КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Бэрэгъун Арсен** жиІащ «Пэжыгъэмрэ зыхъумэжныгъэмрэ сахуэхъэзырыр» урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр КъБР-м щыгъэзэщІэным егъэщІылІа Іуэхуэхэм хиубыдэу, 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал кьулыкъущІэхэм я спартакиадэ ирагъэкІуэкІам ГТО-м и пщалъэхэри зэрыхагъэхьар. А Іуэхуэм жыдэжру хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ.

Бэрэгъун Арсен кьалэн гуапэ игъэзэщІащ: «Пэжыгъэмрэ зыхъумэжныгъэмрэ сахуэхъэзырыр» урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым кьыхэзыщІэхэр ганькІам папщІэ дыщэ бгъэхэлъхэмрэ абы щыхьэт техьуэ тхылъхэмрэ яритащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу Жанатаев С., Войтов А., Хабзэгъэуэ Іэнатіэм и Аппаратым и лэжьакІуэхэу Шыгъушэ З., Вэрокъуэ Р., Мамбэт А. сымэ.

Дыжьын бгъэхэлъхэр Бекъалды М., Быльмыгъуэт И., жэз бгъэхэлъхэр Щэрдан А. сымэ ялъысащ.

БАТЫР Любэ.

● Университет хъыбархэр

Тхыдэм и лъагъуэхэм ироплъэж

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым илъэс куэд ландэрэ щолажьэ «Клио и лъагъуэхэмкІэ» гупжьейр. Абы и унафэщІу КъБР-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, профессор Кузьминов Пётр. Мы махуэхэм зэхэтащ гупжьейм и зи чэзу зэхуэс. Университетым и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Солгаловэ Наталье хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, тхыдэм хуедджэ студентхэу 2 - 3-нэ курсхэм щІэсхэр тепсэлъыхьащ Жэпуэгъуэ Революцэ иныр илъэси 100 зэрырикъум.

Профессор Кузьминов Пётр.

ЗэІУЩІэ гъэщІэгъуэным хэтащ КъБКъУ-м Тхыдэмкіэ, филологиемрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и институтым и унафэщІ **Тэмазэ Муслим**, политикэ щІэныгъэхэм я доктор, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центрым Социально-политикэ къэхутэныгъэхэмкІэ и Іэнатіэм и щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжь **Щауэжь Наталье**, къэралым и тхыдэм дихьх студентхэр.

Гупжьейм и лэжьыгъэр къызэІуэзыха **Кузьминов Пётр** тепсэлъыхьащ Жэпуэгъуэ Революцэ иныр иІа дунейпсо мыхьэнэм.

«Ипщэ Бизнес Консалт» ООО-м и унафэщІу щыту, 2011 гъэм и щэкІуэгъуэм къыщыщІэдзауэ 2012 гъэм щІышылэм и 16 пщІондэ я Іэнатіэм и финанс, и лэжьыгъэ Іэхуэхэм я щытыкІэм теухуа тхылъ нэпцІхэр Урысейм и ХъумапІэ банкым иритащ икІи сом мелуан 19,3-рэ кредиту къыІихащ.

ЩІыхьэм щыщ Іыхьэ итыжри, иужькІэ ар ипшынэжьын Іэхэу зэриІэкІыжыну, сом мелуани 7,2-м щІигъу хэщІыныгъэ банкым къыхуихащ.

2012 гъэм и щэкІуэгъуэми апхуэдэ гъэпцІагъэкІэ сом мелуани 10,4-рэ кредиту банкым къыІихат. Ауэ, ари имыпышынкъу, сом мелуани 10,7-м щІигъу хэщІыныгъэ банкым иритащ. Псори зэхэту сом мелуан 18-м нэблагъэ щхьэхуеущэм зыкІэщІиупщІат.

Зэрагъэкъуаншэ тхылъыр къащтэри, щыхэплъэн щхьэкІэ, уголовнэ Іуэхур Налшык къалэ судым хуагъэхьащ.

Судыр къыпоплъэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэ Махуэ Артур Іэ щІидзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ МВД-м и Следствэмкіэ и Іэнатіэм республикэм щыщ щІыхьхъум хуэгъэзауэ къызэІуиха уголовнэ Іуэхумкіэ тхылъым. Ар игъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 176-нэ статьям и япэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэ зэрилъэкъам къыхэкІыу (хуимыту щІыхуэ къызэрищтам папщІэ).

СЛЕДСТВЭМ къызэрихутамкІэ, къэр Республикэм экстремизмэмрэ терроризмэмрэ щыпэщІэтыным теухуауэ» 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм жылагъуэ шынагъэншагъэ и лъэныкъуэкІэ щыщІэ щытыкІэм и Іуэхукіэ» 2017 гъэм гъатхэпэм и 15-м Парламентым щекІуэкІа едэІуэныгъэхэм къыщыхалъхьа чэнджэщхэр зэрагъэзащІэм хуэгъэзауэ КъБР-м и Парламентым Законнотымрэ хабзэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Кривко Михаил** жиІаэм. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, чэнджэщ псори кьаная щымыІэу ягъэзащІэ.

КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Бэрэгъун Арсен** жиІащ «Пэжыгъэмрэ зыхъумэжныгъэмрэ сахуэхъэзырыр» урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр КъБР-м щыгъэзэщІэным егъэщІылІа Іуэхуэхэм хиубыдэу, 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал кьулыкъущІэхэм я спартакиадэ ирагъэкІуэкІам ГТО-м и пщалъэхэри зэрыхагъэхьар. А Іуэхуэм жыдэжру хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ.

Бэрэгъун Арсен кьалэн гуапэ игъэзэщІащ: «Пэжыгъэмрэ зыхъумэжныгъэмрэ сахуэхъэзырыр» урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым кьыхэзыщІэхэр ганькІам папщІэ дыщэ бгъэхэлъхэмрэ абы щыхьэт техьуэ тхылъхэмрэ яритащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэу Жанатаев С., Войтов А., Хабзэгъэуэ Іэнатіэм и Аппаратым и лэжьакІуэхэу Шыгъушэ З., Вэрокъуэ Р., Мамбэт А. сымэ.

Дыжьын бгъэхэлъхэр Бекъалды М., Быльмыгъуэт И., жэз бгъэхэлъхэр Щэрдан А. сымэ ялъысащ.

БАТЫР Любэ.

«Урысей зэкъуэтым» игъэзэщІащ партым хэхьыныгъэхэм ипэ къиухуэу зэхилъхьа программэр. Абы къыщыгъэлъэгъуат агропромышленнэ комплексыр щыкъуэкІ дэІыгъныр. Иджы Урысейм иІэ хъуащ дунейпсо утыкум увыпІэшхуэ щызыубыда агробизнес. Ар партым и Унафэщі, УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий щыжиІащ. «Урысей зэкъуэтым» хэхьныгъэхэм ипэ къиухуэу зэхилъхьа программэр гъэзэщІа зэрыхъум кІэлъыплъыныгъэ-кІэ комиссэм и зэІуцІэм.

АБЫ щыхьэт тохъуэ ди къэралым и ерыскъыхэкІхэм щІэупщІэшхуэ дунейм и щыналъэ куэдым зэрыщаІэр. Апхуэдэу къуажэм зеуж. «Куэд тхуэзфІэкІащ, ипэжыпІэкІэ зыхуэдгъэувыжа къалэн псори дгъэзэщІащ, хэбгъэзыхьмэ, язныкъуэхэр я пІалъэр къэмысу. Фигу къэзгъэкІыжыщи, мы гъэм гъавэ бэв дыдэ - тонн мелуани 132-рэ къетхьэлІащ», - къыхигъэщхьэхукІащ партым и унафэщІым.

Къэрал Думэр хахын ипэкІэ «Урысей зэкъуэтым» кьалэну зыхуигъэувыжат сом мелард 234-рэ АПК-м, нэгъуэщІу жыпІэмэ, 2015 гъэм зэрыщытам хуэдиз, хухихьну. «Партым и псалъэр игъэпэжащ икІи 2017 гъэм а ахъшэр сом мелард 242-м нигъэсащ. Къэрал Думэм дызыхуэкІуэ илъэсым и бюджетым и проектыр къыщыхахьащ, УФ-м и Президентым пщэрыльэ кьыщищІащ а мылъкум аргуэру сом мелард 20 хэдгъэхъуэну. Фракцэр арэзы техьуэмэ, мэкъумэш хозяйствэм еТІанэгъэ нэхъыбэж хуаутІыпщынущ», - къыхигъэбелджылыкІащ Премьер-министрым.

Медведевым кьызэхуэсахэм яжриІащ кьуажэр техникэкІэ нэхъыфІу зэщІэуэзэда зэрыхъур. Абы комбайнхэу нэхъыбэ кьещІэжу. Ар и фІыгъэщ къэралым и дэІэпыкъуныгъэ пльэщым. Апхуэдэу щІигъужащ ГъавэІ кьехьэлІэным и мызакъуэу апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэм кьуажэ щІыналъэхэри зэрыригъэфІакІуэр. «Кьуажэдэсхэм я псэукІэм апхуэдэу псынщІэу зихъуэжыркъым, арщхьэкІэ дэ абыхэм яхудоухуэ псэуалъэхэр, газрэ псырэ зэрыкІуэ бжьамийхэр яхудоукъудий, гъэзгъэкр, псэупІэхэр, школхэр яхудощІ. Мыхьэнэзшхуэ иІэщ а псоми пытщэным».

Партым и Унафэщым жиІащ аргар щІэныгъэм зегъэужьыныр кьащыгъупщэ зэрымыхъунр: ди агропромыр мыбдежым нэгъуэщІ къэралхэм щепхауэ щыт хъункъым. «Дэ селекцэ, генетикэ центрхэр доухуэ. Зэкіэ ахъшэ кьыдомэщІкІ икіи дегупсысын хуейщ мы лэжьыгъэм бизнесыр кьыхэзтІэным», - щигъужащ абы.

И псалъэм и кІэухуэу Медведевым партым хэтхэмрэ «Урысей зэкъуэтым» и фракцэм хыхь депутатхэмрэ ельэІуащ щыналъэхэм щыІэ хэхаІуэхэм зэпымыууэ ялыствэм кьыщагъэсэбэпыпхъэу.

Псалъэм и хьэтыркІэ, хьэсэхэм якІэлъыплъын папщІэ спутник Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэпын, интернет-биржэхэр къызэІуахын хуейщ.

«Урысей зэкъуэтым» Къэрал Думэм щиІэ фракцэм и Іэтащхэ Неверов Сергей къиГъэгугъащ Іэнатіэм ягъуэгу зэрыгъэлъагъуэ 20 хухахыным теухуауэ УФ-м и Президент Путин Владимир я пщэ кьыдилъхьа кьалэныр депутатхэм ягъэзэщІэну. Абы папщІэ 2018 гъэмрэ 2019 - 2020 гъэхэм ятещІыха лъэхъэнэмрэ федеральнэ бюджетым теухуа законым и проектым зыхуэфащэ зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэнщ. Фракцэм и унафэщІым апхуэдэу жиІащ щІэныгъэм АПК-м зыщІэгъэужьыным мыкъэнэшхуэ зэриІэр. «Технологиехэр я пІэ иткъым икІи ди студентхэр абы хузэхъэзыру щытын хуейщ. Дэ Къэрал Думэм кьыщыхэтлъхьащ щІэныгъэ зэгуэныгъэхэр мы Іэнатіэм етшэлІэнэм, ар къэралым диІыгъыным теухуа проект», - къыхигъэщхьэхукІащ абы.

Къэрал Думэм и УнафэщІым аграр Іуэхуэмкіэ и кьуэдзэ Хайруллин Айрат къиГъэлъэгъуащ агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным хуэунэтІа лъэпкъ проектымрэ къэрал программэхэмрэ зэпэщу зэрагъэзащІэм и фІыгъэкІэ Урысейм нэгъуэщІ къэралхэм гъавэ куэд дыдэ ярищэ зэрэхъуар. «Правительствэм и Унафэщі, партым и Іэтащхэ Медведев Дмитрий мы Іуэхум сыхьэтІым щІигъкІэ тепсэлъыхьащ. Бэлджылы хъуащ хэхыныгъэхэм япэкІэ цІыхуэр кьызэрыдгъэгугъэ зэрыдгъэзэщІар. Абы къыхэкІыу Іэмал дгъэтащ кьэкІуэну лъэхъэнэм зэфІэдгъэкІынуэм дегупсысыну. Сэ къызэлъытэ мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьыныр илъэс гъэнэгъуэм ди къэралым и дежкІэ кьалэн нэхъыщхьэу щыту. Абы щыхуэкъ я хэхъуэкъуэ щІыпІэ, - къыхигъэщхьэхукІащ Хайруллиным, программэр гъэзэщІэныкІэ комиссэм и зэІуцІэм кьрикІуахэр щызэхилъхьэжым.

«Урысей зэкъуэт» партым и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Къызэрагъэгугъахэр ягъэзащІэ

● Политикэ партхэм

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур и псалъэ.

● ГуфІэгъуэ зэхыхьэхэр

Илъэси 190-рэ и пэкІэ

Іуащхьэмахуэ щыналъэр хэтащ Балъкъэрыр езым фІэфІу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэси 190-рэ щрикъум ирихьэлІэу республикэм щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхыхьэхэм.

НАЛШЫК къалэм и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм и гупэм деж иІэ утыкум щэбэт кІуам щагъэуват лъэпкъ пщІантІэ 12, декоративно-прикладной гъажджэм хуэлэкІуэлъакІуэхэм я Іэдакъэщіэкіхэр щагъэльагъуэ выставкэхэр. Ахэр къызэрагъэщат республикэм и муниципальнэ щІыналъэ, къалэ округ псоми. Абдеж щекІуэкІащ. КъБР-м и эстрадэм и артистхэмрэ художественнэ самодеятельностым и гупхэмрэ я концерти.

Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и пщІантІэм къыщыхэІуахат пхъэм кьыхэщІыкІауэ балъкъэрхэм къагъэсэбэпу щыта хъэпшып, Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэм, цыхэкІхэм, лъэпкъ фащэхэм, щІыналъэм къыщыщІах хъугъэфІыгъуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ гъэщІэгъуэн. Абдежым щаухуат балъкъэр ерыскъыгъуэхэмкІэ кьулей Іэнэхэри. Ауэ лъэпкъым и кьулеигъэ нэхъыщхьэр - ар и цІыхуэхэщ. Выставкэм щагъэуват стендыщхэщ, Іуащхьэмахуэ районым щыщ къэралэ кьулыкъущІэхэу, щэкІыныгъэлІэху, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэшхуэхэу щІыналъэм и щІыхьыр зыІэтахэу саугъэт, хэрадат дамыгъэ, цІэ лъапІэхэр зыхуагъэфэщащэхэм я цІэунэцІэхэмрэ сурэтхэмрэ иту.

Выставкэм щагъэлъагъуэ дэтхэнэ зэхэпшыпми, Іэмэпсымэми гуапэу ятепсэлъыхьыр щІыналъэм и хэкурыдж музейм и унафэщІ Этезовэ ФатІимэ. ПщІантІэхэм яхуеблагъэ дэтхэнэ зэими шыгъупІастэкІэ кьыпежьэрт - лэкъум хуабэ, хъыршын, лы гъэва, къуей, ерэн - кьулейр я Іэнэхэр.

ЩІыналъэм концерт гъэщІэгъуэни яхуигъэхьэзырат я махуэшхуэр кьыдагъэлъэпІэну кьахуеблагъахэм. Апхуэдэу кьызэхуэсахэм я нэгу зрагъэужьащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Джаппуев Ахьмэтрэ «Сэлам» ансамблым и артистхэмрэ.

Махуэшхуэр зэщыгуфІыкІыу, зэхуэгуапэу ирагъэкІуэкІащ.

ТАРИМ Алисэ.

● Дохутырым и псалъэ

Гуапагъэм и жылэр сабиипсэм щыхэдвгъасэ

Гуапагъэ! Къаруушхуэ иІэщ а псалъэм. Гуапагъэм цІыхум и лъэр щІегъэкІ, гугъэ кърет, и гуащІэм хегъахъуэ. ЦІыхуэхэр нэхъыбэрэ зэхуэгуапэу щытыфамэ, я дунейри куэдкІэ нэхъ плъыфэбэу екІуэкІынут. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэрей гъащІэм гуапагъэр щыпэрыткъым. Сыт-тІэ нобэ ди хъуреягъым щытлъагъур? ЦІыхуэхэр тэмакъкІэщІ, шыІэныгъэ яхэлъхъым, губжьыр куэдрэ яфІытокІуэ. А псомфІы льэпкъкъыхэкІыркъым.



ДЭ, дохутырхэр, цІыху куэдым дахуоэз. Ябыныкъуэ сымадджэхэм я узыфэхэр кьыщытхутэкІэ, Іэджэрэ дрохьэлІэ ахэр псалъэмакъ мыщъэпэхэм, псалъэм папщІэ, зэныкъуэкъым, зэдауэм, губжьым, кьызэрыхэкІам. Абы и щапхъэхэр.

ЦІыхубз ныбжьыщІэ лэжьапІэм кьращри сымаджэщым кьашащ. Абы и гуриину кьеуэрт, и Іэпэльапэхэр кІэзызырт, психомоторнэ жыхуаІэ узым кьыхихГэзэныхьат. А псом кьищынэмыщІауэ, ар шынэрт лІэнкІэ, бэуапІэ жыпІунэтІыжу и гур кьуэвынкІэ. Ахэр кьызыхэкІар унафэщІымрэ цІыхубзымрэ яку дэлъа зэхущытыкІэ мыщІагъуэрат: псалъэ жагъуэхэр зэрапэсри, абыхэм я псалъэмакъыр зэфІэнэкІэ иухат. Дохутырхэм сымаджэр узым кьыІущІахащ. ЦІыхубзыр и унагъуэм хыхьэжащ, и Іэнатіэм зэрыувжащ. Ауэ хэт щэсыпІэ иувэфынур апхуэдэ Іуэху дяпэкІэ къэмыхъужыну?

Куэдрэ ухуоэз цІыхум и лэжьыгъэ кьалэнэхэр щигъэзащІэкІэ цІыхугъэ, гуапагъэ хэпльу, тэмакъкъІыхьу, зэпІэзэрыту щытын зэрыхуейр щыгъупщэжу. Зым и дежкІи щэхухъым унафэщІым пщІэрэ щІыхьэр иІэмэ, зым рат Іэнатіэр ефІакІуэмэ, ар зыкъомкІэ зи фІыщІэр абы и нэІэм щІэт лэжьакІуэхэм я кьалэныр хьэлэлу зыгъэзащІэр зэрыарар. Абы кьыхэкІыу, унафэщІыр и лэжьакІуэхэм тэмакъкІыхьу яхуущытын хуейщ.

Дэ псоми ди гъащІэр кьуэпс Іэджэхэмкіэ зэпхащ. Зыр адрейм дыхуэныкъуэщ. ИкІи дызэпызыщІэ ди гъащІэм и кьуэпсхэр зэпызыдэ псалъэ жагъуэхэм гум традзэ уІэгъэхэр кІыжькІыгъуэщ. Сыт хэлъыр гуапагъэкІэ цІыхум ухуэупсэным?! Ауэ, хамэр къэгъэнауэ, ди благъэІыхьлхэм псалъэ дахэ кьахуэдгъэтыфыркъым, гулъытэ щащхуэтІын зэман кьыр.

- Уэ укъызоупщІ, - жиІэрт, абы, - си анэм и узыншагъэм сыщІыщІэмыупщІэмкІэ, абы и Іуэху зэрыхъунум сыщІытемыгъэзвыхьымкІэ. Гугъущ а псори фІыуэ умыцІыху гуэрым зэуэ хуэпІуэтэну... Сэ унагъуэ хуэщІам сыкьыщащхъуащ, сыщапІащ. ЛъэныкъуэкІэ укъыщепльмэ, ди унагъуэм и Іуэху фІы дыдэт. Си адэ-анэм нэхърэ нэхъ цІыхуфІ, псэ хьэлэл зиІэ щымыІэу кьэсэльытэу щытащ унагъуэ сихьэхукІэ. Си щхьэгъусэмрэ сэрэ унэ диІэтэкъыми, фэтэр кьэтщтауэ дыщІэст, сабийри кьыщытхэхъуэм, си лэжьыгъэр кьэзгъэнэн хуей хъуащ. Си щхьэгъусэм и лэжьапІэр кьыдэмэщІкІыпри, ар жэщхэми щылажьэ кьыхуихуэрт. Мис абдежым зыхэсащІащ си адэ-анэм я гущІэгъуншагъэр: ди гугъуехьэм зыкІи ягъэпІейтеякъым, зэпымыууэ я пщэдыкъым дыдэсыну кьащІыхьурт, я щІыб кьытхуагъэзащІ. Илъэс зыбжанэ дэкІащ абы лъандэрэ. Си унагъуэр иджыпсту узэхъуэпсэным хуэдэщ. Хьарзынэу допсэу, ауэ нобэр кьыздэсми сигу схуигъэхуакъым ди анэм и псэ быдагъэу кьыщІэкІар. Сэ мызэ-мытІэу си нэгу кьыщІэзэгъэхьэжащ си сабиигъуэр икІи куэд зэзгъэзэхуащ, ауэ зы теплъэгъуэ кьысхуэгубзыгъэжакъым си анэр гурэ псэкІэ цІыхуэхэм яхуэзыхэлъауэ. Ауэ, дауэ щымытами, сыкьэзэлъытхуэхэм пщІэ яхуэзмыщІу цІыхуэхэм кьаззрезмыгъэщІэным сыхущІокъу, сыту жыпІэмэ сэри бын сиІэщ. Сыхуейкъым а псоми аргуэру кьытрагъэзэжыну...

Пэж куэд хэлъщ а цІыхубзым и псалъэхэм. Ауэ сэ гу лъыввэгъэтэну сыхуейщ зы Іуэхугъуэм. «Мызэ-мытІэу си сабиигъуэр си нэгу кьыщІэзэгъэхьэжащ», - жеІэ цІыхубзым. Мис абдежыщ псори кьыщежьэр. Сабиигъуэ Іэмаными хуэдэу зы щыпІи щыхъуэ хъурхъым цІыхум и гуапагъэр, лъагъунигъэр, пэжыгъэр. Сабиир кьыпхуэгъэпщІэнукъым, абы псори гуракІи псэкІи зыхьещІэ. Абы кьыкІращи, быным щыкІуэкІэ зыхьхумыгъэпльхьар, ар балигъ хъуа иужь дэплъагъэльжьынукъым. Гуапагъэм и жылэр сабиипсэм щыхэсэн хуейщ.

Гуапагъэм уасэ щІатыркъым, гугъукъым уэхъэзыхурешхьэм абыкІэ уахуэупсэныр. Ар сыт щыгъуи ди гум идвгъэгъэлъ. ЦІыхухэ, гуапэу дызэхуцІвгъэт!

УРЫСМАМБЭТ Шагъир, *КъБР-м щыхь зиІэ и дохутыр, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Бэрэгъун Арсен Мухьэмэд и къуэм** хуогузаво абы и адэ **Бэрэгъун Мухьэмэд Талъостэн и къуэр** дунейм зэрехьэжам кьыхэкІыу.

Мысостей жылэ Іумахуэр илъэс 300 зэрырикъур Іэтауэ ягъэлъапІэ

Тхьэм игъащІэкІэ дыдэхуигъэузынщэ!

Зи щІыпІэхэр дахащэ, нэри пэри зыхьэху тафэкІэ, губгъуэкІэ, мылыльэхэр зи къежьапІэ псы уэрхэмкІэ къулей, уардэу зэфІэт къыр дзакІэху уэыІэпызышэхэр щыкуэд Къэбэрдей-Балъкъэрым и курых дыдэр зи лъахэ Мысостей къуажэр жылэу зэрыгІысрэ илъэс щищ зэрырикъур иджыблагъэ Іэтауэ ягъэлъэпІащ. Іуэху щхьэпэ кІыхьэрыдахам и нэщэнэу, бжыхьхэ махуэ уэфІ дахэ къэхъулІат аруандэсхэм: я зэхьихьэшхуэм зыкъыдищІ нэхъей, гукъыдэжыр къиІэту, дыгъэри гуапэу псэм къедэхащІэрт. Жьыуэ хуэзэщІэтэджат ахэр я гуфІэгъуэм. Я нэгум гуфІэр кьишу курыт еджапІэм и пщІантІэшхуэм щызэхуэсырт я тхыдэ къулейм ириплъэжыну, эзш-зэунэкъуэщхэр нэхъ гъунэгъуу зэрыщІыхуну, я къуэпсхэр нэхъри ягъэбыдэну, япэ ита нэхъыжьыфІхэм я фэеплъ нэхум хуэфащэ пщІэ хуащІыну.

● Дызэкъуэтмэ - дылъэщщ!

ГУКЪЫДЭЖ инрэ дэрэжэгъуэрэ яІэу я гуфІэгъуэр дахащ, зэкъуэшыныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ зыгъэлъэщ Іуэхугъуэ щхьэпэхэр къызэрагъэпэщащ. Курыт еджапІэм и пщІантІэ хуитыр махуэшхуэ теплъэкІэ гъэщІэрэщІат, къыдзэкуэсхэр гуапэу ирагъэблагъэу, лъэпкъ макъамэ уэзщІэзыІэтэхэр, гум ехуэбылІэу, зэпымыууэ къыщыІурт. ИхьуреягъкІэ щагъэува унагъуэ пщантІэхэм щызэрахьэ ерыскъыу зэмылІэужьыгъуэхэм я хъурымэ-жьэрымэр Іум Іэфіу икІуэсыхьырт.

Гуфіэгъуэр даІэтыну къуажэдэсхэм кьахуеблагъат Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщым и къудэзэ Къардэн Мурат, республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и къудэзэ Сумаев Ахьмэт, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, Аруан муниципальэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Куэшей Азэмэт зи пашэ хьэщІэхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, творческэ гупхэр.

Аруан къуажэ администрацэм и унафэщІ Беждыгъу Аскэр зэІущІэр къыззІуиха нэужь, жылэм щекІуэкІ Іэхуэхэм жыджэру хэтхэм, абы зегъэужьыным хьэпэлу хуэлажьэхэм щІыналъэ администрацэм и ЩІыхь тхьилъхэр ираташ. Къуажэм ЩэнхабзэмкІэ и унэм и, унафэщІ Зыхьэ Оксанэ и цІэр щхьэхуэу къраІуащ: и Іэнатіэм щиІэ зэфІэкІым, апхуэдэу нобэрей зэхуэсышхуэр гъэхьэзырыным хуищІа хэлъхьэныгъэм папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъхэр хуагъэфэщащ. «Уэзкъуэтмэ - улъэщщ», - кьыхуеджэныгъэм щІэту зэхаубла гуфІэгъуэм зыщцыхуагъэхьэзырым еджакІуэхэмрэ сабий гъэсапІэм щыщ цІыкІуэхэмрэ хуабжьу защІигъэкъуащ, ныбжьыщІэхэм ягъэхьэзыра Іуэхугъуэхэр нэхъ гъэщІэгъуэн икІи гукъинэж зэрыхъуным къаруушхуэ ирихьэлІащ, ахэр зэрекІуэкІыр уэгум щытезых видео Іэмэпсымэкіэ (дронкіэ) яригъэтхыжащ.

Зэхуэсахэр Іэгуауэзэкуэкіэ Іущіащ «Аруан къуажэм щІыхь зиІэ и щІыху» цІэ лъапІэр я жылэм щыщ нэхъыжьиплІым - Хуцынэ Афужан, Вэрмахуэ Софье, Щоджэн Хьэутий, Бейтыгъуэн Хьэзрэйил сымэ-зэрыфІащам.

Вэрмахуэ Софье дерс Іущхэр зи Іэпэгъу, цІыхупсэ къулеигъэр къызэбэкІ, цІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэм хьэлэлу хуэлэжьа, пщІэшхуэ зиІэ цІыху щыпкъэщ. А нэхъыжьыфІым и псалъэхэр нобэ яфІэпапІэщ, Сыту жыпІэмэ, ахэр гупсысэ узынщхэмкІэ гъэпсащ.

- Угъурлыгъэкіэ дызэрызэхьхьам и щыхьэту, махуэ дахэ къыдэхъуІащ. Нобэ дызэхэзышхэм, дызэхэзыГаплъэхэм фІыщІэ яхузощІ. Мыпхуэдэ Іуэху къыдэдмыхмэ, дызэрыщІэнукъым, ипэкІэ дыплъэфыныкъым, дыкІуэтэфыныкъым. Ди блэкІам и гугъу тщІымэ, дыщІэгушхуэ хьэн куэд жылэм дэлъы, ди цІыху гуащІафІэхэм яхуэзэфІакІам, зрагъэхъуІам теухуауэ Іэджж пхужьІэнущ. Ахэр я бгъэм кьыхэлдыкІ медалхэм, орденхэм, кьыхуагъэфэща щытхъу тхьилъхэм кьаІуатэ. Ди я итахэм кьытхуагъэнар тхьумэн зэрыхуейм ещхьыркъабзэу, пщэдеИм дегупсысыпхъэщ. Абы папщІэ, нэхъыщхьэр зэгурыІуэрэ, зэдаІуэрэщ, зыужьыныгъэрщ, щІэблэ узынышэрщ. Ди къуажэм щыпсэу льэпкъэр фІыуэ зэроІыгъу, зэхэгъэж диІэкъым. Абы хуабжьу грогушхуэ. ЗэрытщІэщи, хабзэмрэ нэмысымрэ здэщыІэм насыпыр щытепщащ. Дяпэкіи абы дытету гуфІэгъуэкІэ Тхьэм куэдрэ дызэхигъэхьэ, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщІэхэмрэ я кум зэхуэфащэ зэхущытыкІэ дэлъу Тхьэм адэкІи дригъэфІакІуэ, - кьыхигъэщащ Вэрмахуэ Софье, зэхуэсахэм защІыхигъаззэм.

Иужькіэ псалъэ къыІихащ КъБР-м и вице-премьер Къардэн Мурат.

- ПщІэ зыхуащІ аруандэсхэ, хьэщІэ лъапІэхэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и цІэкІэ Мысостей къуажэм и илъэс щищымкІэ си гум кІыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу. Нобэрей гуфІэгъуэ зэхьхэр и щІыхэтщ фи жылэм и тхыдэ хьэлэмэтыр зэман жыжьэм къуэпс быдэкІэ зэрыпыщІам. Ди адэжьхэм къадекІуэкІа, ди нобэм къахьэса хабзэхэм къатепщІыкІыжа фи лъахэгъуэхэм ину фригушхуэ хъунущ. Аруан къуажэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм игъащІэкІэ хьыхьащ зи щІыналъэр гуащІэдэкІ лэжьыгъэшхуэрэ лІыгъэкІэ цІэрыІуэ зыщІа адыгэ жылагъуэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ зыуэ. Нобэрей фи щІэблэм нэхъыжьхэм я щапхъэм зэрытетыр, я хабзэ гъуэзэджэхэр зэрахъумэр, зэрагъэбагъуэр гуапэщ. Фи жылэ Іумахуэм Хэкум и дамыгъэ лъапІэхэр зыхуагъэфэща ветеранхэр и мащІэкъым, нобэрей махуэми ехьулІэныгъэщІэхэр фиІэу фрихьэлІащи, дяпэкІи зывузэщІыну, щІэныгъэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я Іэнатіэхэм зэфІэкІ къыщывгъэпсэгъэну, узынщІагъэ, зэІуэпэщыгъэ фиІэну си гуапэщ, - захуигъэзащ Къардэн Мурат мысостейдэсхэм.

Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и къудэзэ Сумаев Ахьмэт и хъуэхъум кьыхигъэщащ Мысостей къуажэр фІыуэ зэриІыгъур, абы дэсхэм пщІэшхуэ зэрахуищІыр.

- Мы жылэ берычэтым семышу сытепсэлъыхьыфІынущ. Щыпсэуэхэр цІыхуфІ защІэхэщ, гуапэхэщ, пэжхэщ. Ар куэдкІэ я фІыщІэщ къуажэм и тхыдэм къыдебгъэкъуахэм, и нобэр зыгъэбжьыфІэхэм, и пщэдеИм егупсысхэм. ЦІыху Іущ куэд къыдэкІащ, лъэпкъымрэ хэкумрэ къэмыгъэнджэжу хуэлэжьахэр нэхъ мащІэкъым. Адэкіэ нэхъри фефІэкІуэну си гуапэщ. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ мы къуажэм зэкъуэуш хуэдэу щыздопсэу, зэкІэлъокІуэ, я шыгъупІастэ зэІупльщ. 1957 - 1958 гъэхэмрэ къыкІэлъыкІуэ илъэсхэмрэ Азие Курытым и республикэхэм къикІыжа балъкъэр куэдым мысостейдэсхэр хуабжьу ядэІэпыкъуащ. Аруан къуажэм кьыщыувыІахэр, япэщІыкІэ, адыгэ унагъуэхэм зрашэлІащ. Ахэр щыпсэуащ, псалъэм папщІэ, Зыхьэ Хьэзиз, Жылэ Шэмсэт, Кіэфо Чэзибан, Зыхьэ Куршыку, Блэныхь Елмырзэ, Дэгу Хьэзешэ, Тхьэкъуэхъуэ Сырыху, Устэ Нэиб сымэ я деж. Фэ кьытхуэфащІар ди лъэпкъым зэи щыгъупщэнукъым. Аращи, нобэрей гуфІэгъуэм зыдэвуэщІыну, Іуэхугъуэфіхэм нэхъри фытригъэгъуэну, фи жыджэрагъым хигъэхъуэну мысостейдэс псоми си гум кьыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу, - кьигъэлъэгъуащ министрым и къудэзэм.

- ПщІэ зыхуэтщІ ди хьэщІэхэ, къуажэдэс лъапІэхэ! Нобэ ди махуэшхуэщ - тхыдэ кьулей зиІэ, цІыху щэджащэ куэд къызыдэкІа ди жылэм и илъэс щищыр догъэлъапІэ. Къуажэр зэрытІысрэ зэхъуэкІыныгъэ Іэджж къэхъуам, аджь лъахэм худиІэ лъагъуныгъэр зымащІэкІи къэтІэсхъакъым. Нобэрей ди Мысостейр хабзэ дахэ щызэкІуэ лъахэщ. Ди цІыхухэр жьыджэрщ, щІэблэ узынышэрщ. Ди къуажэм щыпсэу лъэпкъэр фІыуэ зэроІыгъу, зэхэгъэж диІэкъым. Абы хуабжьу грогушхуэ. ЗэрытщІэщи, хабзэмрэ нэмысымрэ здэщыІэм насыпыр щытепщащ. Дяпэкіи абы дытету гуфІэгъуэкІэ Тхьэм куэдрэ дызэхигъэхьэ, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщІэхэмрэ я кум зэхуэфащэ зэхущытыкІэ дэлъу Тхьэм адэкІи дригъэфІакІуэ, - кьыхигъэщащ Вэрмахуэ Софье, зэхуэсахэм защІыхигъаззэм.

Иужькіэ псалъэ къыІихащ КъБР-м и вице-премьер Къардэн Мурат.

- ПщІэ зыхуащІ аруандэсхэ, хьэщІэ лъапІэхэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и цІэкІэ Мысостей къуажэм и илъэс щищымкІэ си гум кІыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу. Нобэрей гуфІэгъуэ зэхьхэр и щІыхэтщ фи жылэм и тхыдэ хьэ-

● Дызэкъуэтмэ - дылъэщщ!

лэмэтыр зэман жыжьэм къуэпс быдэкІэ зэрыпыщІам. Фи

● Гъэлъэгъуэныгъэ

Токъуий Мадинэ цыкIухэр егъэлъапIэ.

Гъуазджэм и щэхухэм дихьэх ныбжьщIэхэр

Сурэтыщ1 гъуазджэхэмкIэ музейм къыщы-зэIуахащ «Радуга палитры» выставкэр. Абы щагъэльагъуэ Налшык къабл эм и Сабий художественнэ школым и гъэсэнхэм я лэжьыгъэ куп щIафIэхэр. Зэхьихьэр иригъэкIуэкIащ музейм и унафэщI Емхэн Еленэ.

- ВЫСТАВКЭМ зи сурэтхэр утыку къыщIрахьа ныбжьыщIэхэми абы кърихьэлIа псоми си гуапэу сынывохъуэхъу. Сабий художественнэ школым и унафэщI Зэхъуэхъу Валерэ, егъэджакIуэхэм фыщIэ ин яхуэфащэщ щIэблэр сурэтыщI гъуазджэм зэрыдрагъэхьэхьм, абы и щэхуэхэм зэрыщагъэгъуэзэм, я гъэсэнхэм я лэжьыгъэ щхьэпэжэр хэIущIыIу зэращIым папщIэ. ЦIыкIухэм я Iэдакъэ къыщIэкIа, сабиипсэ хуабагъэр гу къабзагъэкIэ гъэнщIа сурэтхэр телъыджэщ икIи а лэжьыгъэхэм ущеплъкIэ я зэфIэкIым уегъэгуфIэ икIи уегъэгушхуэ. НыбжьыщIэхэм сынывохъуэхъу гукъыдэжкъа дзэрэжагъуэрэ фыщымыщIэу лъагапIэщIэхэм фыхуэкIуэну, - жиIащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм професиональнэ гъуазджэмрэ художественнэ егъэджэнымгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Пащ1э Рамед** икIи я министерствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхьылъыр зыхуагъэфэща егъэджакIуэ пажэхэм ар яритыжащ.

Налшык къалэ администрацэм Щэнхабзэмкlэ и управленэм и унафэщI **Токъуий Мадинэ** къыхигъэщащ сурэтыщI ныбжьыщIэхэм зэрызэужьымрэ я екъулIэныгъэхэм кIуэ пэтми зэрыхагъахъуэмрэ гуапэ зэрыщыкъхъур. Зи лIыкIуэ Iуэхущ1апIэм къыбгъэдэкI зэрращ1ыхьур зэфIэкI ин зэраIэм щыхьэт зэрытехъуэр, еджапIэм екIуалIэ щIэблэм псэгъэгуфIэ-далъхуэ я яхэлъу, хэкупсэу къыдзэрыхъур я егъэджакIуэхэм зэрафIыщIэр. Абы зэхьихьэм щигъэпэжащ сурэтщIыныжкIэ Минск, Саратов, Къэзан къалэхэм щекIуэкIа урысейпсо зэпеуэхэм мы гъэм пашэ щIыхьуа ныбжьыщIэхэр.

Выставкэм хагъэхьащ ныбжьыщIэхэм иужьрей илъэсхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэ гъэщIэгъэнхэр. Гъэльэгъэныгъэм хагъэхьа сурэтхэм, декоративно-прикладной гъуазджэм и хьэпшыпхэм ущеплъкIэ умыгъэщIэгъэн плъэкIыртэкъым, зэрыт ныбжьыми емылъытауэ, сабийхэм гъуазджэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм - живописым, графикэм, скульптурэм, декоративно-прикладной гъуазджэм - зэрыхуэIэижьыр. Лэжьыгъэхэм щынэрылъагъут гъуазджэр зи псэм хэпшIа цIыкIуэхэм щалъхуа щIыналъэр, абы и щIыуэпсыр зыпащI зэрыщымыIэр, Iуэрыуатэм хэт лIыхъужьхэм я шыфэлIыфэхэм фIыуэ зэрыщыгъуаз эр. Выставкэм къызэщIрагъэувыдаа лэжьыгъэхэр щыхьэт зэрытехъуэщи, ныбжьыщIэхэм я дунейр тауры хъ пэлъытэу щхъуэжкIэплъыкIэу, плъыфэбзу, щIэщыгъуэу зэхэлъщ. Араща я сурэтхэм сабийхэм я нэкIэ дунейм ущIрагъэплъыр, ахэр телъыджэ щIыпщIэхъур. Дэтхэнэ зы сурэтри дахагъэм и гъуджэ пэлъытэщ, гупсысэ гуэрхэр псэм къыщызыгъэуащ.

Зэхъуэхъу Валерэ фIыщIэ хуищIащ гъэлъэгъуэныгъэр къыззыгъэпэщахэмрэ абы крихьэлIаХэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Бзэм и къарур, IэфIыпIэр

● Щ1ахъэ

И къару щымысхьыжу щIэблэм ядолажьэхэм ящыщщ Налшык къалэ дэт 5-нэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмкIэ илъэс 25-рэ хъуауэ щезыгъаджэ Къурмэн Эммэ.

ЗЭРЫСАБИЙРЭ егъэджакIуэ Iэщ1агъэм щIэщIыхьуэ Эммэ курыт щIэблыр кьиуха нэужь КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ иIэ къудамэм щIэтIысхьэри щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ. 1992 гъэм ар къиухри, илъэс 19-м иту лэжьэн щIидзауэ нобэр кьыздэсым а зы щыпIэм щолажьэ.

ЕджакIуэхэм я анэдэлъхубзэр нахъыфIыжу зэраригъэлъагъуным, бзэм и къарур, абы и IэфIыпIэ псорэ зэрызахриГъэщIэным, къыдалъхуа бзэм ятэ зыри иратъэщ1ын зэрыхуэмейм, къызыхэкIа лъэпкъым хуэпэжыным щепIыкI абы еджакIуэхэр. Лэжьыгъэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэ щIихьуу, махуэщIэм хуэпIащIэу, сабийхэм нэхъ псынщIэу яхьихьэу и щIэныгъэмкIэ ядэгуэшэну хуейуэ апхуэдэщ Эммэ.

Абы и дерсхэм къыщегъэсэбэп егъэджэныгъэм ехьэлIауэ ФГОС-м кIыгъэув Iэмалхэр: джэгукIэ зэхуэмыдэхэр, теплъэгъуэ щIэщыгъуэхэр, зэпеуэхэр, нэгъуэщIхэр. Егъэджэныгъэм щIэуэ къыхьихьэ Iуэхугъуэщ1эхэми зыщигъэгъуэазэ зэпытщ Эммэ. Абы и лэжьыгъэм жыджэру кьыщегъэсэбэп интернетыр, компьютерым и Iэмалхэр. Ахэр и дерсхэм лъабжьэ яхуищIурэ ди хабзэмрэ щ1энхабзэмрэ, ди тхакIуэхэмрэ щ1ыху щIэрыIуэхэмрэ ятеухуауэ дерс зэIуахэр ирегъэкIуэкI.

Къурмэныр ныбжьыщIэхэм яхэтщ гуапэу, тэмакъкIыхьу, яхуэсакъыу, я ныбжьэгъуфIым хуэдэу я дзыхь къратъэзу. Ар сабийхэм яхущытщ набдзэгубдзапIъу, дэтхэнэми зэрепсэлъэн бзэ къыхуегъуэтыф, абы щхьэкIэ ныбжьыщIэхэр Эммэ къечэнджэщ, къепсэлъыпIэу апхуэдэщ.

ЕгъэджакIуэми дежкIэ гуфIэгъуэ нэхъ ин дыдэр и гущIэ зыхихьха, и къару зытригъэкIуэда егъэджакIуэр утыку ихьэу и зэфIэкIыр игъэлъагъуэр абы гулъытэ игъэтмэщ. Къыжьыапхъэщ Эммэ иригъаджэхэм еджапIэми, республикэми щекIуэкI зэпеуэхэм сыт щыгъуи фIыкIэ зыкъызэрыщагъэлъагъуэр, увыпIэфIхэр къызэрыщахьыр. Апхуэдэу абы и еджакIуэхэм мызэмытIэу адыгэбзэмрэ литературэмкIэ республикэпсо олимпиадэхэм япэ увыпIэхэр къыщахьащ, ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкIэ республикэ уардэунэм щрагъэкIуэкI, усэ еджэнымкIэ, щIэныгъэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэ нэхъыфI гъэлъэгъуэныкIэ, нэгъэсауэ зэпеуэхэмкIи къыхэжаныкIыу апхуэдэхэщ. Абыхэм къыщынэмыщIауэ, Эммэ урок зэIуха игъэхьэзырри, «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ фестиваль-зэпеуэм хэтащ, ар къэпщытакIуэхэм куэду гурыхь ящыхьуауи щытащ.

ЩIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэныкIэ къыгъэлъэгъуа екъулIэныгъэхэр къалъытэурэ, абы зыбжанэрэ къыхухуагъэфэщащ щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр.

Зи щIэныгъэри зи зэфIэкIри щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ етыным тезыуха Эммэ дохьухьу зыпэрыт Iэнатlэм адэжи и къарур пэлъэщу илъэс куэдкIэ узыншэу лажьэну.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Къурмэн Эммэ

● Налшык

«Бгъуэнщ1агъ кIыфIи» «Зыплъыхьыпл1э щэрхъи»

Налшык и нэгузегъэужьыпIэ паркым нэрылъагъуу зеужь.

«АТТРАКЦИОНЫ Нальчика» Iэхуущ1апIэм и унафэщI Факъуэ Залымхъан дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, зэман кIэщIым кьрибыдэу щIыпIэм и теплъэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр ящ1ынущ.

Лъэс зекIуапIэ нэхъыщхьэм и бгъуитIым унэ цIыкIуэр екIуэкIыу щагъэувэ. Ахэр автоматикэ мардэм тету ягъэлэжьэну щIэлумыл (морожэну) шхыпIэхэрщ. Iуэхум пэрытыр Сочэ къалэм и аттракцион ехьэжьаХэм елэжьа дизайнерхэрщ. Зы тхьэмахуэ зэхуакуKIэ лэжьэн щIидзэщ «Бгъуэнщ1агъ кIыфI» зыфIаща нэгузегъэужьыпIэм. Мотр 13 зи кIыхьагъ «гъуэгуанэр» дэтхэнэ зы цIыхуми икIунущ, еэлы и Iэпкъльэпкъым и хьэплъагъыр зыхимыщIэу. Хъурейуэ къекIэрэхъэжьхэ хьыринэхэм щхьэж зыхуей псынщIагъыр кьригъэщтэну Iэмал иIэнущ. Паркым мафIэгущи щагъэуващ.

Лэжьыгъэшхуэ иращIылIэнущ удз хэсапIэхэми. ЦIыхухэм ар ямыутэн хуэдэу, лъагэу къаIэтынущ. Абыхэм я зэхуакухэм тIысыпIэу 400-м нэс щыIэщ. Псом хуэмыдэу куэдым ягу ирохь жэщым кьаблэ жыг лъэдийкэр. Илъэс дызыхуэкIуэм и накьыгъэ мазэм аттракционым и курыкупсэм щагъэувынущ «ЗыплъыхьыпIэ щэрхъ» къекIэрэхъэхькIыр.

КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ Марьянэ.

Прохладнэм и гупыр токIуэ

Налшык къалэм щекIуэкIащ мафIэс-прикладной спортымкIэ республикэ зэхьэзэхуэ. Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI Бер Къантемыр щыгъуазэ дыдэрищ1аци, зэпеуэр Урысейм и мафIэс-къегъэлакIуэ спортыр къызэрыгъэпэщ1ри илъэс 80 зэрыриХум теухуауэ. МафIэс-къегъэлакIуэ часть №2-м щыIэжьа Джэш Уэсмэн и фэеплъу щытащ.

ЧЕМПИОНАТЫМ хэтащ республикэм и мафIэс-къегъэлакIуэ Iэнатlэхэм я гуп 24-рэ. МафIэсгъэункIыфIхэм я мызакъуэу, я къарумрэ Iэкlуэлъакlуагъэмрэ ягъэлъэгъуэну Iэмал яIащ республикэм и курыт еджапIэхэм щIэсхэми.

Махуиплik1э щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ, мафIэсгъэункIыфIхэр зэпеуащ унэхэм пкIэлъейкIэ дакIуеин, лъэпощхьэпо куэдым зыщIрихьэлIэ метри 100-р къызэнэкIын, мафIэр гъэункIыфIын, жыпIэми.

Зэпеуэм бжьыпIэр щиубыдащ Прохладнэм и ПСЧ-23-м, етIуанэ увыпIэр зыIэригъэхьащ Налшык къалэ и СЧТКП-м, Майскэм и ПЧ-6-м и гупыр ещанэ хъуащ.

Чемпионатым щытекIуаХэм Урысейм МафIэс-прикладной спортымкIэ и федерацэм и щIыналъэ къудамэм кьыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр, медалхэмрэ кубокхэмрэ, ахъшэ саугъэтхэр иратащ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Футбол

«Спартак-Налшыкым» кубокым зыхуегъэхьэзыр

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щэбэт кIуам щыIэхэта епщыкIутхуанэ джэгуГъуэм «Спартак-Налшыкым» зыщигъэпсэхуащ. Абы къыхэкIыу Iэмал гъуэзэджэ игъуэтащ пщэдей Мэзкуу и «Спартак»-м къэралым и кубокыр къэхьыным ипкъ иткIэ дригъэкIуэкIыну зэIущIэм тэмэму зыхуигъэхьэзырыну.

«Спартак-Налшыкыр» хэмыту етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкIа епщыкIутхуанэ джэгуГъуэм зэхьэзэхуэм щыпашэр ихъуэжыным зымащIэщ ящIэжар. Иджыри къэс бжьыпIэр и закъуэу зыIыгъа «Армавир»-м ерагъкIэ и ящхьэр кьрихьыжауэ аращ Нэрэн къалэм. Адыгэ щIалэ зыбжанэ зыхэт «Ангушт»-м абы бэнэныгъэ гуащIэ кьрищIылIащ икIи Къуэн зэкъуэшхэу Аслъэнбэчрэ Заурбэчрэ хэгъэрейхэр 3:1-уэ япэ щIагъэщам кьыпщыхьунут текIуэныгъэр зыIэщIамыгъэкIыну. Арщхэкlэ кIэнэжа дакъикъэ тIощIым «Армавир»-м джэгукIэм и екIуэкIыкIэм зригъэгъэзащ икIи бжьыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. Апхуэдэу щыт пэтми, абы кьыригъэIыфар зы очко закъуэщ икIи дялэкIэ бжьыпIэр нэгъуэщIым дигуэшын хуей хъуащ.

Пашэр Ингушым зэрыщIылъэпэрэпар «Iэфlыпсым» хъарэнэу къигъэсэбэпащ. Дон Iус Ростов щыIэу абы СКА-р хигъащIэри, «Армавир»-м лъэщIыхьэжащ. IэфIыпсдэсхэм я екъулIэныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуищIащ ди лъахэгъу КъалмыкIэ Амур. ЗэIущIэм абы топ щыдимыгъэкIами, хуабжьу жыджэру щытащ икIи хэгъэрейхэм я гууащхьэхъумэхэм зы къару кьаххуигъанакъым.

Зэхьэзэхуэр зэкIэ зэрекIуэкIым тепщIыхьмэ, «Армавир»-мрэ «Iэфlыпсым»э» къыщIэкIынщ, япэ дивизионым щIэбэныну Iэмал нэхъ зиIэнур. Ахэр иджыпстукIэ очкоихкIэ япэ ищащ иужь кьитым. Абы щыгъуэми «Краснодар-2»-ри иджыри ныкъуэкъуэну фэ тепщ. Джэгугъуэ кIуам абы хигъэщIащ Мэхъэчкьалэ икIа «Анжи-2»-р. Новороссийск и «Черноморец»-ми зыкъызэкъуих хуэдэу зищIат. Арщхьэкlэ «Чайка»-м ар Песчанокопскэм и пIэ щригъэувэжащ икIи увыпIэмкIэ ехьэужащ.

Зэрыжыджэгуам икIи абы къыхэкIыу и очко бжьыгъэм зэрыхимыгъэхъуам и зэранкIэ «Спартак-Налшыкри» турнир таблицэм нэхъри къыщIекIуэтэхащ. Абы япэ кьищащ Владикавказ щытекIуа Дон Iус Ростов и «Академия»-мрэ зэхьэзэхуэм бжьыпIэр щызыIыгъ «Армавир»-м очкоитI фIэзыгъэкIуэда «Ангушт»-мрэ.

Налшыкдэсхэм гъунэгъу дыдэ къьхэхуэъуащ ди къуэш Адыгейм и футболистхэри. Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-р зэрыхигъэщIам и фIыгъэкIэ Мейкьуапэ и «Дружба»-р иджы абыхэм къаззрыкIэрыхьужыр зы очко закъуэщ.

Я Iуэхугъэ зэрымыщIагъуэщ ирагъэкIуэкIа джэгуГъуэ тщыкIуэм ящыщу 12-рэ къьхагъэщIа «Кубань-2»-мрэ 11-рэ зыфIахьауэ иджыри къэс зыми темыкIуэфа «Динамо-Ставрополь»-мрэ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщынщ «Ипщэ» гупым иужьу щ1ызэхэта